



Haitian Creole Edition
Grade 5 Mathematics Test, Book 1
March 5–9, 2007

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 1

Ane **5**

5–9 mas 2007



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2007 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk enstriman pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Egzanp A

Samuel keyi 150 frèz nan jaden ki gen frèz la. Li distribiye tout frèz yo bay 5 zanmi. Si Samuel te bay chak zanmi li, menm kantite frèz, konbyen frèz chak zanmi te resevwa?


- A 30
- B 50
- C 145
- D 155

Egzanp B



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Kathy kenbe yon sotrèl tankou sa yo montre anba a.



Ki longè sotrèl la an pous?

- A 1
- B $1\frac{1}{2}$
- C 2
- D $2\frac{1}{2}$

RETE LA

1

Sarah ak Andy ap plen yon akwaryòm avèk dlo. Sarah plen $\frac{1}{5}$ akwaryòm nan. Answit, Andy plen $\frac{2}{5}$ akwaryòm nan. Ki volim akwaryòm nan ki plen antou?

A $\frac{2}{25}$


B $\frac{3}{10}$

C $\frac{2}{5}$

D $\frac{3}{5}$

2

Brady note pwa tichyen Great Dane li pandan 4 mwa. Li antre done sa yo sou graf lineyè ki anba a.



Selon graf la, ki pwa Great Dane te ye, an liv, lè li gen 4 mwa?

A 50

B 40

C 30

D 20

Kontinye



3

Ki lis chif ki montre tout faktè 36 genyen?

- A 0, 1, 2, 3, 4, 6, 9, 12, 18
- B 1, 2, 3, 4, 6, 9, 12, 18, 36
- C 0, 1, 2, 3, 4, 6, 9, 12, 18, 36
- D 1, 2, 3, 4, 6, 9, 12, 18, 36, 72

4

Chak kare ki sou griy anba yo egal a \$0,01.



Ki kantite lajan total ki montre nan kare nwasi ki sou gri yo?

- A \$0,38
- B \$0,62
- C \$1,38
- D \$1,62

5

Pwofesè matematik Phillip trase yon triyang ki gen yon ang 60° ak yon ang 20° .
Ki mezi twazyèm ang triyang lan?

- A 280°
- B 100°
- C 60°
- D 10°

6

Madmwazèl Seebert itilize 60% gaz ki nan tank oto li pandan li t ap kondui nan wikenn lan. Ki chif ki reprezante kantite gaz li te itilize?

- A 0,6
- B $\frac{1}{6}$
- C 0,06
- D $\frac{1}{60}$

Kontinye

7

Pano wout ki anba a montre distans pou ale Crystal Falls.



1 kilomèt = 1.000 mè

Konbyen mè ki genyen pou ale Crystal Falls?

- A 12
- B 120
- C 1.200
- D 12.000

8

Nan yon ti bwat nwa melanje, pwopòsyon nan kajou pou pistach se 2:5. Ki fraksyon ki reprezante pwopòsyon nan kajou pou pistach?

- A $\frac{2}{3}$
- B $\frac{2}{5}$
- C $\frac{2}{7}$
- D $\frac{5}{2}$

9

Hamid achte 3 sache mab pou akwaryòm li. Tablo ki anba a montre pwa chak sache mab.

MAB HAMID

Sache	Pwa (an liv)
A	4,6
B	5,9
C	4,7

Ki ekspresyon ki montre relasyon kòrèk pwa 3 sache mab yo?

- A $4,7 < 4,6 < 5,9$
- B $5,9 < 4,7 < 4,6$
- C $4,7 > 4,6 > 5,9$
- D $5,9 > 4,7 > 4,6$

10

Deena aprann popilasyon vil li se 5.342. Kouman 5.342 awondi nan santèn ki pi pre a?

- A 5.500
- B 5.400
- C 5.300
- D 5.000

Kontinye


11

Ki pi gran faktè komen (GCF) 9 ak 36?

- A 3
- B 9
- C 18
- D 36

12


Ki fòm ki genyen **sèlman** yon pè kote ki paralèl?




triyang

A

paralelogram

C

kare

B

trapèz

D

13

Yon klip istwa ale nan yon vwayaj edikatif nan yon mize. Si pri yon tikè elèv se \$13,00, ki pri total tikè yo pou 24 elèv?

- A \$312,00
- B \$302,00
- C \$96,00
- D \$37,00

14

Bonnie ak Saleem ap jwe yon jwèt kote yo genyen pwen. Modèl ki anba a montre kantite pwen Bonnie genyen apre senk premye ron jwèt la.

8, 16, 32, 64, 128, . . .

Ki règ ki eksplike modèl pwen Bonnie yo?

- A Ajoute 2.
- B Ajoute 8.
- C Miltipliye pa 2.
- D Miltipliye pa 8.

Kontinye

15

Tablo ki anba a montre popilasyon kat peyi diferan nan mwa jiyè 2004.

POPILASYON JIYÈ 2004

Peyi	Popilasyon
Bilgari	7.517.973
Tchad	9.538.544
Liberya	3.390.635
Sengapou	4.353.893

Ki valè chif 9 reprezante nan **pi piti** popilasyon ki endike nan lis nan tablo a?

- A katrevendis
- B nèf milyon
- C nèf san
- D katrevendis mil

16

Paula achte yon ankadreman rektangilè pou pòtre. Ankadreman an mezire 20 pous nan lajè ak 24 pous nan longè. Ki perimèt ankadreman pòtre a?

$$P = (2 \times \text{longè}) + (2 \times \text{lajè})$$





- A 40 pous
- B 44 pous
- C 48 pous
- D 88 pous

17 Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$3 + 7 \times (5 + 1) \div 3 - 2$$

- A 11
- B 13
- C 15
- D 18

18 Jackie ap eseye yon nouvo modèl oto. Youn nan tès pèfòmans yo se pou ogmante vitès oto a vit epi kondui nan yon vitès estab pandan yon sèten kantite tan. Ki graf lineyè ki reprezante vitès oto Jackie a pandan tès la?



Kontinye

19 Ki nonb fraksyonè ki egal a $\frac{7}{4}$?

A $4\frac{3}{4}$

B $4\frac{1}{4}$

C $3\frac{1}{4}$

D $1\frac{3}{4}$

20 Lis ki anba a montre pwa, an liv, senk kangouwou diferan.

65, 75, 80, 85, 85

Ki mwayèn pwa kangouwou yo an liv?

A 78

B 80

C 85

D 88

21 Julio gen yon wotè ki mezire 4 pye 7 pous. Konbyen pous Julio mezire nan wotè li?

A 36 pous



B 47 pous

C 55 pous

D 60 pous

22

Dyagram ki anba a montre 2 triyang izometrik.



Ki kote nan triyang yo ki omològ?

- A kote CB ak kote ON
- B kote BA ak kote MO
- C kote AC ak kote OM
- D kote AB ak kote MN

23


Kendra koupe $\frac{3}{5}$ padèyè lakou li epi li pran yon repo. Ki chif desimal ki egal a $\frac{3}{5}$?

- A 0,6
- B 0,06
- C 0,4
- D 0,04

Kontinye

24

Dyagram ki anba a montre de ranp planch-a-woulèt. Ranp yo se triyang ki sanblab.



[pa trase selon echèl la]

Ki fraksyon ki reprezante pwopòsyon mezi pi piti ranp planch-a-woulèt la pou mezi pi gwo ranp planch-a-woulèt la?

- A $\frac{1}{2}$
- B $\frac{1}{3}$
- C $\frac{1}{4}$
- D $\frac{1}{5}$


25

Ki pi piti miltip komen (LCM) 8 ak 10?

- A 2
- B 18
- C 40
- D 80

26

Devon ap patisipe nan ekri fraksyon sou yon dwat nimerik. Ki dwat nimerik ki montre fraksyon ki nan pozisyon kòrèk yo?



RETE LA



Ane 5
Egzamen Matematik
Liv 1
5–9 mas 2007

Grade 5
Mathematics Test
Book 1
March 5–9, 2007

The McGraw-Hill Companies